



Jwenn \$100 ak Vaksen COVID-19 Gratis ou a

Kiyès ki kalifye?

Nenpòt moun ki ap pran premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna oswa dòz vaksen J&J a nan yonn nan adrès NYC Health + Hospitals yo ka genyen yon kat prepeye, yon kupon oswa yon tikè gratis nan pak atraksyon Nouyòk yo.

Pou w jwenn yon lis konplè de tout adrès yo epi pou w ka jwenn plis enfòmasyon vizite nychealthandhospitals.org/covid-19-vaccines

Kòman pou w jwenn rekonpans lan

Pandan randevou pou w pran premye dòz vaksen w lan nan NYC Health + Hospitals, ranpli fòm Otorizasyon pou Libere Rekonpans (Incentive Authorization Release) lan epi chwazi pa ki mwayen ou ta renmen yo voye l pou ou (pa imel oswa pa lapòs).

Si w chwazi resevwa rekonpans lan pa imel, y ap voye l pa imel ba ou nan espas 3 jou biwo. Si w chwazi resevwa rekonpans lan pa lapòs, w ap resevwa l nan espas 7 a 10 jou biwo.

Jwenn plis enfòmasyon nan nyc.gov/vaccineincentives oswa rele nan **877-VAX4NYC (877-829-4692)**

NYC
HEALTH+
HOSPITALS